# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

## BARLIQ KÁSIPLERDIŃ TIYKARI

**Allaniyazov Ismail Begjanovich** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı*
ismayilallaniyazov10@gmail.com
**Ismaylova Aziza Saadatdin qızı** – *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

## ОСНОВА ВСЕХ ПРОФЕССИЙ

**Алланиязов Исмаил Бегжанович** – *кандидат педагогических наук*
**Исмаилова Азиза Саадатдиновна** – *магистрант*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

## THE FOUNDATION OF ALL PROFESSIONS

**Allaniyazov Ismail Begzhanovich** – *Candidate of Pedagogical Sciences*
**Ismaylova Aziza Saadatdinovna** – *master's student*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** pedagogika, ustoz, rivojlanish, shaxs, shakllanish, ta’lim, tarbiya, ijtimoiylashuv.

**Rezyume.** Maqola pedagoglik kasbining ijtimoiy ahamiyatiga bag‘ishlangan bo‘lib, asosli dalillar keltirilgan.

**Ключевые слова:** педагогика, наставник, развитие, личность, формирование, образование, воспитание, социализация.

**Резюме.** Статья посвящена социальной значимости педагогической профессии, приведены аргументированные факты.

**Key words:** pedagogy, mentor, development, personality, formation, education, upbringing, socialization.

**Summary.** The article is dedicated to the social significance of the teaching profession, with substantiated facts presented.

**Adamdı muǵallim jaratadı**
V.Suxomlinskiy

**Kirisiw.** Bala shaxsın qáliplestiriw – adamzat aldında turǵan oǵada quramalı hám eń aktual mashqala. Mashqalanıń durıs sheshiliwinde qatnasatuǵın táreplerdıń oǵada kóp ekenligi hámmege belgili. Degen menen, biziń pikirimizshe bala shaxsın qáliplestiriwdiń tiykarǵı bas faktorlarınan biri – pedagog shaxsı hám onıń pidayı miyneti. Úlkenler menen baylanıs balaǵa sociallıq baylanıslardı ornatıwǵa, ózin hám basqalardı biliwge járdem beredi, qatarları menen baylanıstı ózlestiriwine hám rawajlanıwına tikkeley tásir etedi. Úlken adam bala ushın úlgi, eliklew etalonı esaplanadı, qatarları menen baylanısta bolsa bala ózine úlkenler menen baylanıs barısında ótken iskerlik usılların, óz ara birge islesiw, jasawdıń hár qıylı arnawlı formaların bastan keshiredi. Solay etip, mektepke shekemgi jastan baslap, mekteptegi ómiriniń aqırına shekem jámiyetshilik hám óz qatarları menen qarım-qatnasta, eger, adam ómir boyı ustazları tásirinde qáliplesken minez-qulıq is-háreketlerine muwapıq jasaytuǵının názerge alsaq, bizge qarańǵı túnde jol kórsetiwshi juldız – pedagoglar.

**Ádebiyatlar talqılawı hám metodlar.** Pedagogikalıq hám psixologiyalıq ádebiyatlarda mektep jası balasınıń intellektual rawajlanıwında, balada ol yamasa bul pazıyletler, kónlikpeler, uqıplılıqlardı tárbiyalawda pedagogtıń miyneti, onıń tárbiyashı sıpatındaǵı jeke pazıyletleriniń bala shaxsı rawajlanıwına tásiri mashqalası jeterli dárejede tolıq tallanǵan. Balalıq jasınıń ózine tán ózgeshelikleri (tásirsheńlik, emociyalıq, ańsat iseniwsheńlik) sebepli tárbiyashı óziniń intellektual hám pedagogikalıq qábiletleri menen ǵana emes, al jeke sıpatları menen de pedagogikalıq tásir etedi [4:58].

Pedagog shaxsı – bala shaxsın qáliplestiriwdiń tiykarǵı bas mexanizmi. Úlkenler menen baylanıs balaǵa sociallıq baylanıslardı ornatıwǵa, ózin hám basqalardı biliwge járdem beredi, qatarları menen qarım-qatnasınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwına tikkeley tásir etedi. Ustaz shaxsı bala ushın úlgi, eliklew etalonı esaplanadı. Bala óz qatarları menen qarım-qatnas, jası úlkenler hám ustazları menen baylanıslar barısında olar tárepinen ótken insanıy pazıyletler, iskerlik usılların, óz ara birge islesiwdiń arnawlı formaları t.b. ózlestirip baradı. Sonlıqtan, maqalamızda balanıń mektep jası dáwiriniń barlıǵında onıń hár tárepleme jetik kamil insan bolıp qáliplesiwinde «sociallastırıwdı hám ózin-ózi anıqlawdı támiyinleytuǵın ayırım sıpatlardıń qosındısın» [3:184] qáliplestiriw pedagogikalıq miynettiń jemisi ekenin kórsetiwge háreket ettik.

Tárbiyashınıń «shaxs bolıw» qábiletiniń tárbiya procesine tásiri oǵada kúshli. Pedagogtıń mektepke shekemgi jastaǵı bala shaxsına tásir etiw tábiyatı quramalı, tereń hám kóp qırlı. Balanıń qorshaǵan ortalıq penen qatnasına dáldálshısılıq jumısları úlkenler, ata-ana hám ustazlar moynına júklengen. Bala úlkenler basshılıǵında jana iskerlik túrlerin, kónlikpe hám uqıplılıqlardı iyeleydi, dúniyanı ózlestiredi. Bul jerde de balalardıń turmıstaǵı jedelligi úlkenlerden ótetuǵın minez-qulıq is-háreketler hám adamgershiligi menen tikkeley baylanıslı [4:96].

Sonlıqtan pedagogikalıq iskerlik balanıń biliw iskerligin qáliplestiriwge umtılıp atırǵan zamanagóy pedagogtan tómendegi jeke parametrlerge iye bolıwdı talap etedi: belsendi hám kóp qırlı kásiplik hám sociallıq-mádeniy iskerlik qábilet; ádeplilik, balalar hám úlkenler menen múnásibette empativ sezimtallıqtı, sabır-taqat hám keńpeyillik, olardı qabıl etiw hám qollap-quwatlawǵa, kerek bolǵanda qorǵawǵa tayarlıq; topar ishindegi hám toparlar aralıq qarım-qatnastı támiyinlew qábileti; balalardıń ruwxıy rawajlanıw ózgesheliklerin biliw; ózin-ózi rawajlandırıw hám ózin-ózi tárbiyalaw qábileti.

**Talqılaw.** Bala úlkenler sıyaqlı dúnyanı biliwdiń turaqlı procesinde boladı, ol oylaydı, analizleydi, sóyleydi, tıńlaydı, túsinedi, sezedi, basqa adamlar menen baylanısadı. Úlkenler hám qatarları menen qarım-qatnas, biliw iskerligi procesinde bala shaxsı, onıń ortalıqtı biliw iskerligi jedel rawajlanadı. Balalardıń biliw aktivligin qozdırıwshı, rawajlandırıp hám qáliplestiriwshi tiykarǵı figuralardan biri pedagog. Stimullastırıwshı háreketler ustazlar tárepinen biliw aktivligine motivlengen hám motivlenbegen túrlerinde iske asırıladı. Ustazdıń hár qiylı motivaciyalıq is-háreketleri balanı biliw iskerligine qosa alsa bala hesh qanday arnawlı qozdırıwshı mútájlik sezbeydi. Bunday balalarda biliwge qızıǵıwshılıq, biliw iskerligine dıqqat qáliplesken boladı. Biraq, pedagogtıń xoshametlewshi háreketlerine motivaciyalıq emes reakciyaǵa iye bolǵan balalar kóp ushırasadı. Bunday balalardıń biliw aktivligin rawajlandırıw olardıń seziw organlarına tásir etiwden baslanadı. Bunday jaǵdayda dáslep itibardı tartatuǵın, qızıqtıratuǵın, mashqalalı jaǵdaydı júzege keltiretuǵın tásirli kórinisler, qızıqlı qısqa gúrriń, turmıstan mısallar paydalı boladı. Biliw, ilip alıw jedelligi tómen dárejedegi balalarda kóbinese - «Bul ne?» degen soraw kórinisindegi qızıǵıwshılıq payda boladı. Bunday jaǵdaylar muǵallimnen bárha qıraǵılıqtı, házir juwap bola alıwdı talap etedi. Pedagogtıń sheberligi bul jaǵdayda tapqırlıq penen sorawlar beriw, balanıń kózqarası hám sezimlerine tásir etiw menen júzege kelgen qızıǵıwshılıqtı iskerlikke ulastırıp rawajlandıra biliwdi talap etedi. Kórsetilgen mashqalanı sheshiwge pikirlewdi rawajlandırıw biliw (kognitiv) iskerliginiń jetilisiwine alıp keledi. Bul procestiń barlıǵı tikkeley pedagog basshılıǵında ótedi [7].

Solay etip, pedagog balalardı ózine tartıw (empatiya), qızıqtırıw hám biliw aktivligin rawajlandırıw ushın barlıq pedagogikalıq qurallarǵa iye bolıwı kerek. Sonday-aq, pedagogtıń ózin-ózi rawajlandırıwǵa umtılıwı, balalardıń ruwxıy rawajlanıw ózgesheliklerin biliw, dóretiwshilik potencial, balalar hám ata-analar menen múnásibetlerde ádeplilik hám keńpeyillik sıyaqlı jeke pazıyletleri de áhmiyetli. Bilimli hám balalardı súyiwshi pedagog ǵana bilim alıwshılardıń biliw aktivligin qáliplestire aladı.

Mektep oqıwshısınıń ózin-ózi bahalawınıń qáliplesiwine muǵallimniń tásiri úlken. Muǵallim óziniń minez-qulqın tárbiyalanıwshıları ushın órnek quralı aylandırıwı kerek. Sebebi pedagoglardıń balalar menen óz ara qatnası kontekstinde bala shaxsınıń rawajlanıwı qáliplesedi. Shańaraq – náreste ushın dáslepki sociallıq institut bolıp, perzenttiń qanday insan bolıp ósiwinde ata-ananıń ornı, álbette, sheshiwshi orın ieyleydi. Biraq pedagogqa da, álbette, kóp nárse baylanıslı, sebebi balalar óz ómiriniń ádewir bólegin muqaddes orın mektep diywalları ishinde ótkeredi. Atap ótiw zárúr, ustazlar balaǵa hátteki ata-analar bere almaytuǵın adamgershilik sırları menen bir qatarda bilim, túsiniw, bastan keshiriw, baǵdar ala biliw t.b. sıyaqlı esap-sansız insanıy paziyletler de bere aladı. Ustazlıq tásir haqqında G.Adams «oqıtıwshı máńgilikke tásir etedi, onıń tásiriniń qay jerde baslanıp, qay jerde tamamlanıwın heshqashan anıq biliw múmkin emes», – dep eskertedi [2:7].

Balanıń rawajlanıwı ushın jámáátlik ortalıq áhmiyetli rol oynaydı. Bilim alıwshılar toparındaǵı klimat pedagog hám balalar, balalardıń óz ara múnásibetleri menen belgilenedi. Topardaǵı jaqsı ortalıq onıń barlıq aǵzaları ózlerin erkin sezingeninde, sonıń menen birge basqalardıń óz halında qalıw huqıqı da húrmet etilse júzege keledi. Balanıń jeke individuallıǵı saqlanǵan hám ulıwma maqset hám nátiyjelerge birgelikli erisiwshi jámáátti shólkemlestiriw hám basqarıw pedagogikalıq kásip iyeleri moynına júklengen [7:75]. Bala menen óz ara qatnastaǵı kompetentlik pedagogtıń professionallıǵınıń tiykarǵı quram bólimlerinen biri bolıp esaplanadı. Qarım-qatnasta kompetent bolǵan adam ǵana, óz sherigine ózin erkin hám qolaylı seziwine járdem beretuǵın qarım-qatnas ortalıǵın ornatadı. Bunday ortalıq eki-úsh adamnıń qatnasıwında qálipleskeni menen adamlardıń turaqlı toparındaǵı ulıwma jaǵdaydı xarakterleydi [3].

Jámáátegi abadan ortalıqtıń tiykarǵı kórsetkishlerinen biri úlkenlerdiń bala menen birge islesiw formasındaǵı qarım-qatnası bolıp, ol pedagogtań da, baladan da olardıń ulıwma iskerlikten teńdey mápdar bolıp, onda birgelikte qatnasıwın názerde tutadı. Bunda pedagogtıń poziciyası sonnan ibarat, balanıń belgili bir iskerlikke bolǵan qızıǵıwshılıǵın túsinip hám húrmet etip, óziniń belsendi qatnasıwı menen bul qızıǵıwshılıqtı qollap-quwatlaw hám rawajlandırıw, balaǵa haqıyqattan da járdem kerek bolǵanda múláyimlik penen járdem beriwden ibarat [7:80].

Birge islesiw pedagog tárepinen bolatuǵın hár qanday basımdı biykarlap, balanıń erkinlikke umtılıwın qollap-quwatlaydı. Pedagogtıń bala menen birge islesiw barısındaǵı barlıq kásiplik hám insanıy pazıyletleri ǵana onıń hár tárepleme tolıq rawajlanıwın támiyinleydi. Balalar menen islesiw barısında pedagogtıń balanıń barlıq minez-qulıq, is-háreketlerine múnásibet bildiriwi júdá áhmiyetli. Balanıń tabısınan shın júrekten quwanıp, onıń dártine tilekles bolıp, onıń mashqalaları hám sátsizliklerine ayrıqsha qızıǵıwshılıq hám dıqqat, itibar menen qatnas jasasańız, balaǵa ol júdá mútáj bolǵan járdemdi kórsetesiz [5:63].

**Nátiyjeler.** Pedagogtıń reakciyasına qarap, balada, óziniń tabısları hám sátsizlikleri, qáteleri yaki jetiskenlikleri, óziniń jeke sıpatı haqqında túsinik payda boladı. Sonıń ushın bala menen baylanısta jaman keypiyat, sharshaw, ashıwlanıwǵa hesh qashan jol qoymaw kerek. Balaǵa qaratılǵan barlıq múrájatlar retinde tártipke de shaqırıp qoyıw, turpayı is-háreketlerin ádil bahalaw álbette, unamlı mániske iye. Máselen, eger bala sabaq dawamında bir nárseni orınlay almaǵan bolsa, oǵan «Háy sen, ápiwayı tapsırmanıń eń ápiwayısın orınlay almadin!» - dep aytıwǵa bolmaydı. «Meyli, hesh gáp, ilajı bolar» degen nemquraylıq penen de juwmaq shıǵarıwdıń keregi joq, sebebi bul jaǵdayda maqsettiń áhmiyeti hám unamlı nátiyjege baǵdarlanǵanlıq joǵaladı. Bul jaǵdayda «Raxmet saǵan, sen jaqsı háreket ettiń» sıyaqlı xabar unamlı boladı. «Bunıń ózi ádewir jaqsı!», «Jáne urınıp kór!», «Meninshe, bul saǵan qıyın bolmasa kerek», «Hámme de sátsizlikke ushıraydı» t.b. usı sıyaqlı qollawlar qapa bolıw hám qarsılıqtı keltirip shıǵarmay keyingi háreketlerge iytermeleydi [6]. Kitaplar insanlar ushın ayırıqsha ómir sabaqlıǵına aylanıp, kópshilikti gedeylikten qutqarǵan XX ásirdiń eń áwmetli adamlarınan biri Deyl Karnegi «balanı maqtawdan ayanbań, ilajı barınsha onı kópshilik aldında maqtawǵa, al jekkelikte bolsa sınǵa alıwǵa háreket etiń» [9] – dep keńes beredi.

Balanıń hár qanday qolaysız is-háreketi qanday da bir tásir ilajları menen juwmaqlanıwı kerek. Biraq sonı este saqlaw kerek, eger unamsız bekkemlew unamlıǵa qaraǵanda kóbirek qollanılsa, áste-aqırın bala sanasında

turaqlı unamsız stereotip qáliplesedi, onda quwanıshqa, zawıqqa, muhabbatqa orın joq. Úlkenlerge salıstırǵanda qáweter hám qorqıw ústemlik etetuǵın sezimlerge aylanadı. Bul bolsa, balanıń jeke rawajlanıwına qáliplesine járdem bermeydi [4].

Rawajlandırıwshı tálim poziciyasında turǵan pedagogtıń áhmiyetli wazıypalarınan biri bala menen jaqsı baylanısqa erisiw esaplanadı. Jaqsı qarım-qatnas ornatıw ushın balanı shaxs sıpatında demek, onıń pikirleri, bastan keshiriwleri, keypiyatı menen shın kewilden qızıǵıw kerek. Jaqsı qarım-qatnastıń zárúr shárti, sherigin shın kewilden húrmet etiw. Bala ushın húrmet óz ara tásirlesiwdiń áhmiyetli shárti bolıp, bul húrmet balaǵa súyilgeni, demek, ol jaqsı hám hámme nárseni iyelep atırǵanı haqqında signal beredi.

Pedagogtıń bala menen baylanısıw túri hám sıpatına onıń barlıq tiykarǵı psixikalıq processleri, qábileti hám shaxs sıpatlarınıń rawajlanıwı menen baylanıslı. Balanıń keleshektegi turmısında tabıslı, dóretiwshi, erkin, juwapkershilikli, dúnyaǵa hám adamlarǵa ashıq bolıwı kóp tárepleme pedagoglarǵa baylanıslı. Pedagog tárbiyalıq tásir nátiyjesin názerde tutıwı, faktlerdi talqılawı kerek, bolmasa dóretiwshi bolmay qaladı. Balalarǵa muhabbat, olardıń sezimlerin túsiniw, olar menen sáwbetlesiw quwanıshı, óz pánin biliw, pedagogika, psixologiya tarawlarındaǵı bilimlersiz jaqsı pedagog bolıw múmkin emes. Pedagog ushın onıń kásibi, bul tek ǵana jumıs emes, al shaxstı tárbiyalaw missiyası ekenin túsiniw áhmietli [4].

Muǵallimshilik kásibin máńgilik dep ataydı. Insan ózi jaratılǵannan baslap bárqulla oqıtıwǵa: tájiriybeni jas áwladqa jetkeriwge hám úyreniwge – ózlestiriwge zárúrlik sezgen. Jaslardıń ustazları, ádette, eń bilimli hám abıraylı adamlar bolǵan. Olar islep atırǵan jumıstıń áhmiyeti hám eń jaqsı oqıtıwshılardıń abırayı muǵallimshilik kásibine húrmet penen qarawdı talap etken. Bul kásiptiń jámiyetke tásiri haqqında áyyemgi grek filosofi Platon «eger etik tigiwshi jaman usta bolsa, onnan mámleket onsha zıyan kórmeydi, puqaralar bolsa birqansha jaman kiyingen, biraq balalardı tárbiyalawshı óz wazıypasın jaman orınlasa, mámlekette nadan hám jaman adamlardıń pútin bir áwladı payda boladı» [1:33].

Mısalı shveycariyalı pedagog Pestalocci barlıq jıynaptergenin balalar úylerin shólkemlestiriwge sarpladı. Ol óz ómirin jetimlerge baǵıshladı, balalıqtı quwanısh hám jaratıwshı miynet mektebine aylandırıwǵa háreket etti. Onıń qábiri ústinde «Hámme nárse basqalar ushın, hesh nárse ózi ushın» – sózleri jazılǵan ájayıp estelik tur. Yaponiyada metroǵa muǵallim kirip kelse 80 jasar ǵarrı ushıp turıp orın berer, al otırmaw muǵallim ushın ayıp sanalar eken. Bul fenomen adamdı tereń oyǵa shúmdiretuǵın ájayıp qubılıs emes pe?

Shıǵıs Aristoteli A.Farabiydiń pikirinshe, oqıtıwshınıń wazıypası danıshpan mámleket basshısınıń wazıypalarına uqsas. Oqıtıwshı da sol sıyaqlı kórgen hám esitken nárselerdi yadında jaqsı saqlay alıywı, ziyrek hám kózqaraslı aqıl, kórkem sóylew qábiletine iye bolıwı, ilimpán menen shuǵıllanıwdı jaqsı kóriwi menen birge, oqıwshılarına bilim beriwi, … nákas islerden saqlanıwı; haqıyqatlıqtı súyiwi, ótirikti hám ótirik sóylewshilerdi jek kóriwi;... ar-namıstı qádirlewi; oqıwshılarına ádil bolıwı kerek [8].

Pedagogikalıq kásip obyekti hám predmeti basqa adam bolǵan kásipler tarawına kiredi. Biraq ol bul tarawdıń ishinde de óz aldına bólek taraw sıpatında ajıralıp turadı. Onıń «adam-adam» tipindegi basqa kásiplerden tiykarǵı parqı sonda, ol bir waqtıń ózinde ózgertiwshi kásipler klasına da, basqarıwshı kásipler klasına da tiyisli. Solay eken, pedagog óz xızmetiniń maqseti sıpatında shaxstıń qáliplesiwi hám ózgeriwin, onıń intellektual, emocionallıq hám fizikalıq rawajlanıwı, ruwxıy dúnyasınıń qáliplesiwi procesin basqarıwǵa májbúr. Pedagog, basqa hár qanday basshı sıyaqlı, ózi rawajlanıw procesin basqarıp atırǵan oqıwshılardıń iskerligin jaqsı biliwi hám kóz aldına keltiriwi kerek. Solay bolsa, pedagogikalıq kásip eki tárepleme – adamtanıw ilimleri bilimlerin biliwdi hám arnawlı tayarlıqtan ótiwdi talap etedi.

**Juwmaq.** Pikirlerimizdi juwmaqlap, tómendegilerdi aytıwǵa boladı: tek pedagog ǵana balanı «ómirge baslaydı», bilim beredi, tárbiyalaydı, aqılıy, ruwxıy hám fizikalıq rawajlanıwına basshılıq etedi [6]. N.Mandela tálim-tarbiya sistemasın «bilimlendiriw – dúnyanı ózgertiw ushın eń kúshli qural» [10]. XVII ásirde jasagan ullı chex pedagogı Yan Amos Komenskiy pedagoglar atqaratuǵın jumıstıń adam ómirindegi tutqan ornı hám áhmiyeti haqqında «muǵallimlerge quyash astında onnan joqarı bolmaytuǵın joqarı lawazım tapsırıldı» [8:135] – dep bahalaǵan bolsa, biz insanlarǵa sabaq beriwshi, dúnyadaǵı barlıq kásiplerdiń ata-anası pedagogikalıq kásip – degen juwmaqqa keldik.

Mámleketimizde barlıq kásipler teńdey húrmetke iye. Biraq haqıyqat eń abıraylı kásip – muǵallimshilik. Muǵallim bizdi balalıq, óspirimlik, jaslıq jılları arqalı alıp ótedi, hár kúni, geyde sezilmeytuǵın mártlik kórsetedi – bizge óz bilimlerin, qálbiniń bir bólegin beredi. Ol – ómirde óz ornımızdı tabıwımızǵa jol kórsetiwshi juldız. Muǵallimshilik kásibi–ullı hám gózzal. Jaqsılıq hám ádalatqa úyretetuǵın, haqıyqıy insan bolıwǵa shaqıratuǵın ustazǵa shákirt túsiw – taptırmas baxıt.

## Ádebiyatlar


1. Абдуманнонова И.А. Мыслители Востока и Запада о социальной значимости педагогической профессии. // Педагогика высшей школы. 2017. № 3 (9). -С. 19-23. URL: https://moluch.ru/th/3/archive/64/2571.
2. Адамс Г.Б. Воспитание Генри Адамса. -Москва: «Прогресс», 1988, С -752.
3. Асланова Н.Ф. Развитие личности. // Вестник Донецкого педагогического института. 2017. № 1. -С. 182-189.
4. Витушкина Е.В. Роль учителя в формировании самооценки у младшего школьника. // «Бошланғич мактаб» журнали. № 4, 2014.
5. Выготский Л.С. Педагогическая психология. / Под ред. В.В.Давыдова. – Москва: 1991, -С. 540.
6. Шилова М.Н. Учителю о воспитанности школьников. – Москва: «Педагогика», 2003. –С.175.
7. Шевандрин Н.И. Социальная психология в образовании. – Москва: «ВЛАДОС», 1995. -С-375.
8. Учитель: Статьи. Документы. Педагогический поиск. Воспоминания. Ред.-сост. Д.Л.Брудный. – Москва: 1991.
9. https://kun.uz/news/2016/02/02/mashhurlar-hayotidan-ozini-va-ozgalarni-ozgartirgan-deyl-karnegi
10.https://www.google.com/search?aep=28&mstk=AUtExfDcdqKSqJt0v1kx9zemKAQpjQfs2cPz1jzsuaKwJGrDcwL3j3lj2NPQG7BifQVbcrI9jjzpNXiJf7h6